

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

- 1) Kamampuh nulis sajak siswa kelas X IPA 2 SMA Santa Maria 3 Cimahi Taun Ajar 2017/2018 saméméh maké métode karya wisata dianggap can mampuh kalayan rata-ratana nyaéta (58,9), tina KKM 75. Dumasar kana aspek aspekna nya éta, aspék kasaluyuan tema jeung eusi saméméh maké métode karya wisata kagolong cukup, hartina eusi sajak cukup/basajan, rada luyu jeung téma, kalayan skor rata-ratana nya éta (3,3). aspék diksi saméméh maké métode karya wisata kagolong kurang, hartina ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah, kalayan skor rata-ratana (2,5), aspék kakuatan imaji saméméh maké métode karya wisata kagolong cukup, hartina kakuatan imaji nu dituliskeun dina sajak bisa kaharti ku nu maca, kalayan skor rata-ratana (2,6), aspék majas jeung citraan saméméh maké métode karya wisata kagolong kurang, hartina ngagunakeun majas jeung citraan nu kurang hadé, ma'na na kurang jero tur kurang luyu jeung téma, kalayan skor rata-ratana (2,4), sajak aspék éjahan saméméh maké métode karya wisata kagolong cukup, hartina ngawasa kaédañ dina nulis kecap, loba kasalahan, kalayan skor rata-ratana (3), aspék karapihan tulisan saméméh maké métode karya wisata kagolong hadé, hartina tulisanna alus, rapih, kabaca, aya corétan, kayalayan rata rata (3,6).
- 2) Kamampuh nulis sajak siswa kelas X IPA 2 SMA Santa Maria 3 Cimahi Taun Ajar 2017/2018 sanggeus maké métode karya wisata bisa disebut mampuh kalayan rata-ratana ngaronjat jadi (82,1), tina KKM 75. Dumasar kana aspek aspekna nya éta, aspék kasaluyuan tema jeung eusi sanggeus maké métode karya wisata kagolong hadé pisan, hartina eusi sajak alus, luyu jeung téma, kalayan skor rata-ratana nya éta (4,9), aspék diksi sanggeus maké métode karya wisata kagolong hadé, hartina ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah, kalayan skor rata-ratana (4,1), aspék kakuatan imaji sanggeus maké métode karya wisata kagolong cukup, hartina kakuatan imaji

nu dituliskeun dina sajak bisa kaharti ku nu maca, kalayan skor rata-ratana (3,5), aspék majas jeung citraan sanggeus maké métode karya wisata kagolong hadé, hartina ngagunakeun majas jeung citraan nu alus, ma'na na jero tur luyu jeung téma, kalayan skor rata-ratana (4), aspék éjahan sanggeus maké métode karya wisata kagolong hadé, hartina ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya kasalahan, kalayan skor rata-ratana (3,9), aspék karapihan tulisan sanggeus maké métode karya wisata kagolong hadé, hartina tulisanna alus, rapih, kabaca, nanging masih aya corétan, kayalayan rata rata (4).

- 3) Aya béda anu signifikan anatara kamampuh nulis sajak siswa kelas X IPA 2 SMA Santa Maria 3 Cimahi Taun Ajar 2017/2018 saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata. Dumasar kana aspek aspekna nya éta, aspék kasaluyuan tema jeung eusi saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata kagolong ngaronjat, nu asalna cukup jadi hadé pisan, aspék diksi saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata kagolong ngaronjat, nu asalna kurang jadi hadé, aspék kakuatan imaji saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata kagolong ngaronjat,nu asalna cukup (basajan) jadi cukup kalayan, aspék majas jeung citraan saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata kagolong ngaronjat, nu asalna jadi hadé, aspék ejahan saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata kagolong ngaronjat, nu asalna cukup jadi aspék karapihan tulisan saméméh jeung sanggeus maké métode karya wisata kagolong ngaronjat,nu asalna hadé (basajan) jadi hadé.

## 5.2 Implikasi

- 1) Métode karya wisata dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Larapna métode karya wisata meunang sawangan positif ti siswa jeung guru. Ieu hal dilantarankeun prak-prakan métode karya wisata anu ngirut jeung pikaresepeun.
- 2) Métode karya wisata miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaparigelan dina mekarkeun pamikiran siswa, sangkan teu heureut dina ngébréhkeun naon anu aya dina pikiranna. Ku kituna, ieu métode pangAjar miboga

poténsi pikeun ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan informasi luareun sakola.

### 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Métode karya wisata bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak, ku kituna metode karya wisata teh bisa dijadikeun salahsahiji alterntif dina pangAjar nulis khususna dina nulis sajak..
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan métode karya wisata dina pangAjar nulis sajak di SMA maké métode kuasi ékspérimén, kudu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan métode karya wisata liaanna sangkan leuwih jembar.